



FAQ (kesyon yo poze souvan)

Tit Règleman an: Tarif Pousantaj Ranbousman Asistans Finansye pou Gadri/Swen
Familyal pou Timoun pou Ane Fiskal 2025 la

Nimewo Règleman an: CCFA-25-04

Dat li Pibliye: 5/7/2025

Dat li Kòmanse: 7/1/2024

1. Ki gid prensip ki te enfòmè de kalkil tarif pousantaj pou Ane Fiskal 2025 la?

- Itilize yon metodoloji **ki baze sou pri** pou enfòmè ajisteman nan pousantaj asistans finansye pou gadri. Kontinye mete an **priyòrite** a tarif asistans finansye pou gadri pou timoun ki **depase montan depans** pou **gadri yo**.
- Okouran de **ogmantasyon pri** yo pou tout pwogram yo. Itilize kòb pwopòsyonèl pou ajisteman pri-sa koute pou w viv (COLA).
- **Distribiye resous yo pwopòsyonèlman** kote timoun CCFA yo nan gadri/ap resevwa swen selon kalite pwogram nan.
- Konn **diferans ant** sipozisyon konpansasyon yo sou **baz santralize** (ki baze sou salè aktyèl) ak **modèl pri FCC** (ki baze sou plis salè aspirasyonèl).

2. Konbyen pri modèl la ye epi poukisa yo te itilize yon metodoliji ki baze-sou pri pou enfòmè nou de tarif Ane Fiskal 2025 la?

Modèl pri yo estime pri pou chak timoun pou jere yon pwogram gadri. Modèl pri yo gade diferan kalite pwogram, rejyon, ak laj timoun yo sèvi yo. Modèl pri yo ede enfòmè finansman ak desizyon sou règleman yo nan nivo eta a. Modèl yo ede enfòmè chanjman nan pousantaj asistans finansye pou gadri yo. EEC kolabore ak moun k ap fè rechèch yo pou kontinye amelyore modèl pri a..

EEC received EEC te resevwa apwobasyon nan men Biwo Federal ki la pou Swen/gadri pou Timoun pou itilize pri travay la pou enfòmè yo de pri asistans finansye pou gadri a. Anvan, pousantaj ranbousman yo te chanje selon pri pwogram yo mande pou swen/gadri

a (frè eskolè). Kounye a, chanjman ki fèt nan pousantaj asistans finansye pou gadri a pral baze sou fè pwogrè pou kouvri depans gadri a.

3. Ki dat ogmantasyon tarif yo ap kòmanse? Èske ap gen pèman retwo-aktif?

EEC pral aplike ogmantasyon pousantaj gadri pou fanmi an nan mwa Me 2025 la. Pwogram yo pral resevwa ogmantasyon pou fakti Avril 2025 (k ap peye an mwa Me) ak pèman retwoaktif la ki pral tounen swa Jiyè 2024 oswa Oktòb 2024. Ogmantasyon yo pral retwoaktif jiska 1ye Jiyè 2024, pou akò gadri familyal ki gen sibvansyon (voucher) ki te gen yon akò CCRR dirèkteman. Ogmantasyon yo pral retwoaktif jiska oktòb 2024 pou founisè ki fè pati yon Sistèm Swen/Gadri Familyal pou Timoun nan. Pèman retwoaktif pou sèvis soti Jiyè 2024 jiska Septanm 2024 pou founisè ki fè pati Sistèm yo ap peye nan yon lòt dat aprè

Tanpri sonje: Pwosesis faktirasyon an, tankou pwodiksyon gran liv ak apwobasyon fakti ki annatant yo, pral trete pi vit posib. Tanpri bay yon tan siplemantè anvan w soumèt tikè nan Sèvis Asistans la. Nou apresye pasyans ou pandan EEC ap aplike ogmantasyon tarif sa yo.

4. Si mwen se yon founisè ki ak yon Kontra nan Sistèm Swen/Gadri Familyal pou Timoun nan, poukisa pèman retwoaktif mwen an ap retounen an Oktòb 2024?

Sistèm CCFA a pa pèmèt EEC aplike plis pase yon pousantaj alafwa pou founisè ki fè pati de yon sistèm swen/gadri familial pou timoun nan ak toulède, sibvansyon (voucher) ak kontra yo. Lè yon sistèm Swen/Gadri Familyal gen toulède, yon sibvansyon (voucher) ak yon kontra, dat kontra a (1ye Oktòb 2024) ranplase dat retwo a. Se poutèt sa, pèman pou ogmantasyon pousantaj bay Founisè FCC a soti nan Sistèm nan pral sèlman aplike dèye nan mwa Oktòb 2024 nan moman sa a. Pèman retwoaktif ou pou sèvis yo pandan Jiyè 2024 jiska Septanm 2024 pral yon pèman separe epi yo pral peye nan Sistèm nan (pou founisè yo) nan yon dat pita.

5. Sa k pase ak tarif yo te ajoute yo?

Atravè aplikasyon kontra Popilasyon ki an Priyorite yo nan dat 1ye Oktòb 2024 la, Founisè Kontra yo ak Sistèm FCC yo ki te akòde DCF, Fanmi Ki Sanzabri, ak Plas Kontra Paran Ki Poko Gen 24 ane yo te bay yon kontra ranbousman pri Sèvis Sipò. Kontra sèvis sipò sa a ranplase ansyen pousantaj ranbousman sèvis sipò "anplis" pou chak jou. Nouvo kontra Popilasyon Priyorite yo pèmèt Founisè Kontra yo ak Sistèm FCC yo planifye bidjè yo pou

sèvis fanmi yo, modèl anplwaye yo, ak atant administratif yo pou satisfè bezwen kontra yo.

Anplis de kontra ranbousman frè sèvis sipò yo, EEC te aplike tou kontra ranbousman frè administratif sistèm gadri familyal la, kidonk retire pousantaj administratè sistèm FCC la nan pousantaj ranbousman chak jou. Kontra ranbousman frè administratif sistèm FCC a pèmèt FCC Systems bidjè pou sèvis obligatwa yo, modèl anplwaye yo, ak atant administratif nan kontra a.

6. Kijan Sistèm FCC a bay asirans ke tout Founisè FCC ki te fè pati de Sistèm yo a pandan nenpòt ki moman nan FY25 (nan Ane Fiskal 2025 la) resevwa pèman retwoaktif yo a?

Sistèm FCC yo dwe revize seksyon Sou-Òganizasyon nan ekran Detay Founisè a nan Sistèm CCFA pou konfime Founisè FCC yo ki te gen yon akò epi ki te bay sèvis gadri pandan peryòd 7/1/2024-3/1/2025

Pou asire yo aplike yon pèman ki retwoaktif pou tout Founisè FCC yo pandan peryòd tan sa a, yo dwe jenere yon rejis pou tout founisè FCC ki te bay sèvis gadri pandan peryòd tan espesifik sa a.

7. Èske gen yon egzijans sou kijan pwogram yod we depanse tarif ogmantasyon yo?

Jan sa te egzijè pou ane fiskal 2025 bidjè eta a (atik 1596-2434), founisè/edikatè yo dwe itilize lajan yo pou ogmante salè, benefis, ak alokasyon pou devlopman pwofesyonèl edikatè timoun piti yo.

8. Ki dokiman mwen bezwen pou m pwouve kijan m depanse kòb yo?

Programs Pwogram yo ap kenbe dokiman ki montre ke kòb yo te resevwa nan ogmantasyon pousantaj Ane Fiskal 2025 la te distribye an akò ak pwòp estanda jis ak ekitab yo. Tout dokiman yo dwe detaye sa ki pa anba yo la:

- Kantite kòb chak travayè resevwa kòm salè, benefis, oswa alokasyon.
- Dat ogmantasyon sou salè, benefis, alokasyon yo kòmanse;
- Bay rezon ki fè out e bay montan kòb sa a; epi
- Dat ogmantasyon an, benefis la, oswa alokasyon sa a te fèt.

9. Èske pwogram yo dwe bay ogmantasyon sou salè retwoaktif yo?

Dat ogmantasyon pou pousantaj sa yo ap kòmanse 1^{ye} Jiyè 2024. Pwogram yo ta dwe pran pwòp desizyon yo sou fason yo egzekite ogmantasyon salè, benefis oswa alokasyon yo lè l itilize avèk finansman sa a.

10. Are Èske pwogram ki aksepte asistans finansye pou gadri pou timoun yo gen dwa fè fanmi prive yo peye yon tarif eskolè ki pi ba pase pousantaj ranbousman asistans finansye pou gadri konpare ak pa EEC a?

Wi. Bidjè pou Ane Fiskal 2023 Gouvènè Healey a te enkli yon règleman ki egzante pou toutan pwogram edikasyon ak swen timoun piti yo de lwa limitasyon pri eta a. Lwa sa a te anpeche pwogram gadri pou timoun yo ofri ekolaj, rabè, oswa bous detid ki pi ba pase tarif asistans finansye eta a pou gadri pou fanmi, pwofesè, ak anplwaye ki te peye an prive. Kounye a, pwogram gadri pa oblije suiv lwa limitasyon pri eta a epi yo egzante l.

11. Èske y ap dedwi kotizasyon sendika yo nan ogmantasyon pousantaj retwoaktif la?

Wi. Kantite ogmantasyon pousantaj retwoaktif yo pral sijè a dediksyon kotizasyon. Si yon founisè te nan lnyon an sèlman pandan ti tan nan Ane Fiskal 2025 la (ki te kòmanse nan dat 7/1/24), se sèlman pousantaj retwoaktif pou dat sèvis founisè a te yon manm nan sendika a pandan y ap gen kotizasyon yo kenbe. Pa egzanp, si yon founisè te nan sendika a depi 7/1/2024 epi li te kite sendika a nan 10/31/24, se sèlman pèman retwo nan dat 7/1/2024-10/31/24 ki ta dwe sijè a kotizasyon.

Si oumenm oswa estaf ou a gen kesyon, oswa bezwen sipò anplis, tanpri kontakte eeccsubsidymanagement@mass.gov.